



# Enstriksyon Sikyatrik Alavans

Yon **Enstriksyon Sikyatrik Alavans** se yon plan ki fè lòt moun konnen chwa medikal ak chwa sou sante mantal ou yo. Yo itilize l pandan yon ijans pou doktè yo ka konnen ki kalite tretman sante mantal ou vle oswa ou pa vle. Yo itilize l è maladi w la tèlman grav ou pa ka fè chwa ak kominike chwa medikal ou yo. Ou ka endike yon **ranplasan ki otorize pou pran desizyon** nan Sikyatrik Alavans ou an. Yon ranplasan ki otorize pou pran desizyon se yon moun ou fè konfyans pou pran desizyon sou sante mantal pou ou menm. Si w pa endike yon ranplasan ki otorize pou pran desizyon, lalwa ap bay non moun ki ta pi bon pou pran desizyon pou ou. Yo rele lwa sa a **Lwa Ranplasman nan Swen Sante**.

## Ki kote mwen ka itilize sipò sa a nan lavi m?

Tablo ki anba a montre egzanp sou fason ou ka itilize yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans.

### Lajan

Ou pa ka itilize yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans lè w ap pran desizyon konsènan lajan w.

### Swen Sante

Avèk yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans, ou kapab:

- Nonmen yon moun ki pou pran desizyon sou tretman sante mantal pou ou
- Endike medikaman ak tretman ou prefere
- Chwazi founisè swen sante ou vle wè

### Lekòl

Ou pa ka itilize yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans lè w ap pran desizyon konsènan lekòl ou.

### Lavi Prive

Yo pa ka itilize yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans lè w ap pran desizyon konsènan lavi prive w.

### Lojman

Yo pa ka itilize yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans lè y ap pran desizyon konsènan lojman w.

### Lavi apre lekòl segondè

Yo pa ka itilize yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans lè y ap pran desizyon konsènan lavi w apre etid segondè.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou

<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). Enstriksyon sikyatrik alavans. University of Delaware Center for Disabilities Studies.

# Plis enfòmasyon sou Enstriksyon Sikyatrik Alavans

## Kiyès ki pran desizyon?

Si w gen yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans, yon lòt moun pran desizyon pou ou nan yon ijans. Ou ka di ki moun ou vle ki pou pran desizyon pou ou.

## Èske yo mande yon odyans nan tribunal pou Enstriksyon Sikyatrik Alavans?

Non, anjeneral yon odyans nan tribunal pa obligatwa lè w ap kreye yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans. Ou ka ranpli sa a poukont ou oswa avèk sipò yon pwofesyonèl swen sante.

## Èske ou ka chanje yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans. Si se wi, kiyès ki ka fè sa a?

Wi, ou kapab chanje Enstriksyon Sikyatrik Alavans ou an nenpòt lè, swa vèbalman oswa alekri. Pou ou chanje Enstriksyon Sikyatrik Alavans ou an, ou ka kreye yon nouvo dokiman ki gen chwa medikal ak chwa sou sante mantal ou mete ajou. Apresa, siyen fòm ki ajou a epi mete dat sou li epi pataje l ak founisè swen sante w yo ak sipòtè w yo.

## Ki kote mwen kapab ale pou m jwenn plis enfòmasyon sou Enstriksyon Sikyatrik Alavans?

Ou gen chwa nan sa a ki gen pou wè avèk sipò jiridik lè ou gen 18 ane. Yon Enstriksyon Sikyatrik Alavans se yon chwa ki disponib nan Delaware. Lòt eta yo ka gen règ diferan oswa yo ka pa ofri menm chwa sipò jiridik ak Delaware.

Ale sou <https://nrc-pad.org/states/delaware/> pou ou jwenn plis enfòmasyon sou Enstriksyon Sikyatrik Alavans nan Delaware.

Se Konsèy Andikap Devlopman Delaware (Delaware Developmental Disabilities Council) ki finanse pwojè sa a avèk fon federal. Sa a pa vle di opinyon yo reprezante opinyon Konsèy la oswa Administrasyon an.

Enfòmasyon anplis ak yon lis referans konplè ki disponib sou  
<https://www.delawareautismnetwork.org/resources/supported-decision-making/>

Steinbrecher, A., Ferrara, N., Mallory, S., & Legal Support Choices Project Advisory Group (2025). Enstriksyon sikyatrik alavans. University of Delaware Center for Disabilities Studies.